PANGAOS LANGGANAN: 1 sasih f 1.70, sak-artaal f 5.— loear Indonesie 7.50, pembajaran di pajoen.

Drukkerij di Pasarstraat 36. Telefoon No. 51 Tasikmalaja.

„SIPATAHOENAN"

— — Di kaloearkeun koe Pagoejoeban „Pasoendan" saban dinten kadjabi Ahad sareng dinten noe dimoeljakeun — —

Hoofdredactie: Bakrie Soeraatmadja sareng A. S. Tanoewiredja

Agent-agent Sipatahoenan: Publiciteitskantoor „de Globe" N. Z. Kolk 19 Amsterdam, Karnasoedirdja Gang Mantarena 10 Bogor, Soekardjo Regentsweg 34 Tjiandjoer, Gaos Soemadisastra Pangeran Soemedangweg 115 Bandoeng, R. Achmad Sobandi Sanding Garoet, sareng D. Wirianata di Tjiamis.

ADVERTENTIE: Sadjadjar kolom f 0.30 pangsaeutikna sakali moeat f 3.—. Harga langganan badami

Redactie & Administratie Stopplaats Aloen-aloen No. 4 Tel. No. 121 — Tasikmalaja.

No. 116 — Djoemaah 29 Mei 1931 — 11 Moeharam 1350 — Taoen ka 8

Kapertjajaan a la Soenarja.

Kabeneran pisan matja artikel kiesstelsel dina ieu soerat kabar bareng djeung verslagna dina Volkscourant. Anoe djadi baba koe anoe dilalakonkeun djeung anoe dipake ngadjawab kana pa tarosan djrg. Mochamad Enoch naon sababna noe matak 60 % di antara leden R. R. di West djeung Oost Java bebe woengkoel, stawa 90 % tina noe ka pilih bebe maloeloe, (tjek koering O. T.) koe djoeragan Soe narja geus diterangkeun, noeroet keun Sipatahoenan, jen moenasabah pang kitoena lantaran sapo poé bebe mah tjampoer djeung somah djeung djadi tjiri jen ra hajat gede keneh kapertjajaana na ka kapalana (bebe).

Oepama rek dipoekoel rata jen sakabeh kapala bebe djadi kapertjajaanana somah, atawa rek diparo² djilgena moal aja noe daekeun ngaenjakeun, sabab koe si leutik karasaeun, kadengeeun, kadeuleueun kanjaan sapopoé, pait peuneurna, amis haseumna djalanna marentah. Nja aja oge noe masih boga kapertjajaan ta pi katjida pilihanana, maro mah moal bisa, tjarangna kabina bisa.

Pang ± 90 % lobana lid bebe tina antara noe dipilih, noeroet keun roepa roepa bedja dina waktoe milih sakoer noe di pe dar dina oenggal soerat kabar, djiga bener sakoemaha noe di saoerkeun koe djoeragan Ahmad Atmadja tea, nja eta eta teh boeahna tina Vreesfactor (bakating koe sieun tea), lain tjlik poetih tjlak herang tina ati sanoe barina, hajang milih atawa hajang diwakilan koe noe dipi lih tea.

Demi noe marilih tea kapan kitoe boektina, estoening boe loe taneuh bagian anoe pangge de gedena mah. Lamoen ngadeuleu tjoerook noe marentah diatjoeng atjoeng koedoe milih ka si anoe, toeloej noeroet bae da sieun koe di schirna tea.

Kana saoerna djrg. Hadji Bandoeng katjida panoedjoena, jen sakabeh lid priboemi oenggal oenggal raad dibangoenna koe desa. Ari desa tea, tjek djoeragan Ahmad, noeroetkeun Vreesfactor; djadi atoeh ana kitoe, eta lid lid teh kalolo baanana mah bisa meunang titel lid Vreesfactor.

Deui, kasaoeran djrg. Soenar ja Secretaris P. P. B. B. (eh patoekang tonggong (didebat) djeung kasaoeran Voorzitterna, sabab neroeskeun Volkscourant djrg. Wiranatakoesoema geus sasaoeran kieu:

„Vroeger waren de dessabestuurders de verbrouwens mannen van de bevolking, doch door het cultuurstelsel, het prentahsijsteem en andere oorzaken zijn zij gedegradeerd tot boodschappers en belasting innere."

Geuning kitoe saoerna teh:

Baheula mah pamarentah desa teh djadi kapertjajaanana djele ma djeleme, tapi koe sjana cul tuurstelsel, djalanna paparenta han djeung sabab sabab noe se djen, maranehanana teh djadi toekang marentah djeung poerah nagihan padjeg.

Tjatjakan ka beunang milih rahajat pribadi kapertjajaan djeleme djadi kitoe, komo atoeh ka kapala anoe lain beunang mi lih mah. Katoeroeg-toeroeg dja ba ti kitoe teh sok aja sambara na, dimana aja kapala desa noe dikelakkeun, geus poegoeh anoe teu boga salah atawa noe rada salah dipangmeunangkeunana koe doenoengnana, tjatjakan anoe bolongkotan oge dosana koe sawareh mah teu weleh di belaan.

Di palebah dieu mani hajang nendjo boektina golontorna ka pertjajaan anoe los ka kapala.

Patali djeung noe kaseboet di loehoer, kabeneran matja deui dina Bintang Timoer artikel tina bab kapertjajaan.

Tjenah, waktoe Besar ajeuna soempling ka oerang dina taoen 1926 tea, andjeunna rebo njandak oebar-oebaran recept kapertjajaan.

Si Rahajat pada atoh sabab tangtoe noeroetkeun kapertjaja anana pamarentah bakal djalan keras ka bawahanana noe nga lampahkeun kasalahan. Tapi sareboe matak handjaksl eta re cept teh tetep dina recept bae, prakna teu pati katendjo koe noe djadi somahan.

Geura ieu, satjerewelena tina Bintang Timoer.

Mari saja beri tjontonja.

1. Wedana dalam satoe dis trik melotrekan mobilnja dibantoe atau atas andjoeran pangkat bawahannja. Segala pegawai negeri toeroet tjampoer, sampai Schoolopziener poen djoega.

Lot lot kebanjakan didjoeal sama Loerah loerah dan desa bestuur lain.

Ini hal ketahoean oleh jang wadjib. Apa boentoetnja?

Hanja pindah sadja.

2. Seorang Ass. Wedana soedah memoekoel seorang jang disangka mentjoeri. Baroe disangka sadja. Kepalanja berdarah.

Apa hoekoemannja?

Pindah tempat pembatja.

3. Seorang Ass. Wedana soedah mashoer toekang hidoeng poetih toekang mabok, ta pandai bekerdja. Sekaboepaten tahoe tingkah lakoenja. Di benoem djadi Wedana. Orang heran, jang dibenoempoen heran djoega.

4. Seorang Regent bertindak roepa roepa jang koerang be toel.

Perselisian dengan Resident poen soedah tersiar. Rapport dan kelak kelak dihadapkan.

Tapi apa boektinja?

Gehandhaafd. Regent itoe soedah bilang sendiri be gini; Biar dikelak djoega, toch tjoema dipensioen.

Koerang dari pensioen.

Tidak diapa apakan.

5. Ditanah Priangan didalam satoe Regentschap ada roepa² kedjadian; jang aneh. Benoeman di tjaboet; fraude tidak diraporkan; vrachtauto dipakai ambil gemelan dari djaoeh; dan roepa roepa lagi. Tapi tetap sadja, ta'ada perobahan jang terlihat.

Penoelis dapat ini lijst tambah lagi dengan beberapa roepa; oempamanja ada regent jang Koerangdoeit sadja.

Ada jang mempoenjai tanah tanah jang lebar sekali, ada jang dojan berdjoedi enz. enz.

Djanganlah orang mengira bahwa kita sekarang boeta dan toeli sadja.

Kita mengoesap dada, meli hat kaoem atas begitoe „naief" mengira, kita tidak akan dengar apa apa.

Apakah dengan begitoe akan tambah kepertjajaan?

Kana ieu tjonto lamoen pada karep tangtoe mang-ewon² tjonto noe sedjen, tjara noe meulian atawa menta tanah make nga ran anak, pamadjikan atawa sedjen sedjenna; noe djadi tang koelak tanah somahan didjoealan ka bangsa asing ngarah bati gede, ari si noe boga mah tetep dina harga handap (ditjetepo).

Kitoe roepana vertrouwen alo Soenarja teh.

Oea Tyaeh.

—o—

Toemaros

Naha djoeragan parantos ngintoen keun waragadna Sipatahoenan? Oepami teu atjan kedah enggal.

Adm.

„Sing njaho di kawadjiban".

Taksiran geus moal aja noe bireuk deui jen lamoen oerang ngalampahkeun salah sahidji pa gawean, samemeh prak digarap koedoe geus njaho heula kana pibaloekareunana eta pagawean tea, soepaja diahir oelah pinang gih djeung kakoesoetan. „Kitoe deui lamoen oerang rek aroep kana salah-sahidji pagoejoeban, samemehna asoep teh anoe tang toe tea koedoe geus jakin saja-kin-jakinna kana toedjoean djeung oedaganana eta pagoejoeban, nepi ka di ahir sanadjan meunang gogoda anoe koemaha bae oge tetep adjeg teu galideur dina enggoning ngabela kajakinan nana". Katjida salahna hidji djelema noe tatjan bener kajakinanana geus miloe oeloeblocng dina kalangan pergerakan, komo deui miloe tjampoer kana politieke partij mah anoe djalanna leuwih roempil djeung tarahal, lain lawan lawaneun samemeh dahar, tjek babasan tea mah.

Ketjap roeboeh² gedang kage brag koe soerakna wong akeh di dinja mah geus lain tempatna sabab djelema noe miloena ka bawa koe sakaba-kaba teu kara na boga kajakinan sorangan ngan² ngariridoe woeugkoel, moal ma tak nambahan kareugreugan ka na pagoejoeban noe dipiloeana na. Beuki komo beuratna lamoen miloena teh kana salah sahidji pagoejoeban politiek anoe ngoedag kamerdikaan lemah tjaina; sabab sarerea ngarti jen anggota tina eta pagoejoeban teh koedoe geus boga sipat ber korban" boh korban tanaga boh korban radjakaja. Djelema anoe tatjan katitisan eta sipat dimiloe na oge moal lana, sabab sadja lan-djalan heuteu aja deui noe dildjir ngan karoegian woengkoel samaroekna ari ngoedag kamerdikaan teh bisa koreh² tjok tjara pagoejoeban ngarentenkeun doelt.

Djaba ti eta oerang koedoe ngarti jen soesoenan pagoejoeban noe ngoedag kamerdikaan bangsana teh teu beda djeung soesoenan balatantara anoe rek nempoeh hidji benteng. Koe oerang eta soesoenan teh beunang dibagi 3 bagian noe gede, nja eta:

1. Bestuur-bestuurna, ibarat kapala kapalana serdadoe; 2 lid lidna, ibarat serdadoena; 3 doe it, ibarat pelorna.

Djadi sarerea tangtoe ngarti lamoen salah sahidji ti noe 3 roepa tea aja kakoeranganana, djalanna pagoejoeban oge moal beres, geus samar kana bisa nga roeboehkeun benteng-benteng tea.

Koe lantaran eta soepaja tjita tjita oerang bisa gantjang kalak sanakeun. djalanna teu sja deui kadjaba ti: noe djadi bestuurna koedoe djelem anoe geus kandel kajakinanana sarta dack digawe; kitoe deui noe djadi leden oelah tjitjingeun koedoe telik ngintip ngintip noe djadi bestuurna bi si taledor ngadjalankeun kawa djibanana.

Kana ajana reserve fonds di na pagoejoeban cooperatie taksiran geus moal aja noe bireuk deui dina kaperloeanana. Koe lantaran kitoe dina kajakinan oge atoeh soepaja leuwih reug reug, katjida perloena oerang boga reserve kajakinan; oelah bolostrong ngagoegoeloeng kajakinna noe perloe pikeun harita bae.

Saperti: lamoen oerang rek newak anak bagong noe kakara soemoerat, wawanen oerang oe lah ngan wani ka noe kakara soemoerat bae, tapi koedoe geus wani newak anak bagong noe geus saadi, kitoe deui lamoen oerang rek miloe oeloeblocng kana pagoejoeban, soepaja di mana perloe oelah oendoer toekang, nepi ka matak njebiehkeun kana pagoejoebanana.

Saperti noe geus kadjadian anjar anjar ieu waktoe pag. Pasoendan ngajakeun vergadering nembongkeun ka teu soegemaan kana djalanna perkarana opat kokodjo P.N.I., koe lantaran rea noe teu boga „reserve" ka jakinan tea, nja teu woedoe bae aja noe tingpoeringis bodas tjeuli, ngan hadena henteu rea. Sama roekna ari ngagarap salah sahi dji pagawean teh tjoekoep koe angen angen bae, teu karana djeung prakna dilampahkeun; djadi sanadjan oerang dina angen angen ngagendoek sagede pari-oek oge ka teu soegemaan hate, ari teu dikedalkeun mah saha noe njaho, meureun dianggapna koe itoe meh oerang teh disang ka geus soegema bae, da teu kadenge ketjet ketjet.

Pikeun noe geus 100 % kaja kinanana koe ajana vergadering nembongkeun ka teu soegemaan teh asa mobok inanggih gorowong, aja djalan pikeun ngedal keun kahandjakalanana. Djaba ti eta hidji waktoe anoe katjida moestarina pikeun ngoekoer geus nepi kamana madjoena poetra poetri Indonesia hajang na kana kamerdikaan teh; sabab di dinja bisa atra sarta tetela pisan karatna oenggal oenggal djelema noe geus ngakoekeun kaoem Nationalisten.

Sanggeusna katara jen rea ke neh kaoem Nationalisten noe atah keneh, kaoem Nationalisten noe geus tjoekoep kajakinanana oelah tjitilingeun, hoedoe ihtiar saboedi akal soepaja noe aratah keneh teh gantjang reakna, la moen tjara di tjaoe tea mah sing nepi ka obroj koneng matak pi kabiteun anoe nendjo, soepaja diahir bisa ngabela tangtoengnana henteu toetoeroet moending sagala ngandelkeun batoer.

Lamoen geus kitoe mah sana djan oerang geus njingkah oge ti eta tempat, maranehanana tang toe bisa noeloejkeun eta tjita-tjita nepi ka hasilna noe dimak soed.

Minangka kontjina ieu toelisan oerang oelah poho, jen koe boerak barikna P. N. I. teh sa roea bae djeung katinggal maot koe doeloer oerang noe boeng soe. Koe lantaran kitoe oerang noe djadi doeloer pangkolotna, asa pirakoe lamoen teu tambah sarosoh soson teh, satjabakna satjabakna masing masing koedoe ngoekoer ka koedjoer nimbang ka awak.

Poetra Indonesia.

—o—

Koedoe diingetkeun.

Sim koering sering nonton wajang golek dalangna Oedjang. Dina pokpokkanana njarita, sok sering kakoeping saperti dina njeboetkeun: „Goeroe, ratoe, Wong ngatoea karo."

Ari goeroe, tjenah koedoe digoegoe reudjeung ditiroe tina saniskara nasehatna djeung la koe lampahna anoe hade. Ra toe, tjenah kawasa, ari kawasa tea rea lojogna, ngan moal soe gan ari kawasa sakawenang we nang mah. Wong ngatoea karo, wadjib didjoengdjoeng disem bah didama dama.

Eta tiloe kalimah, lamoen di leujepan noe leuwih asak, poe goeh bae tjotjogna teh, djadi noe noeroetkeun kalimah noe diloehoer mah noe koedoe di sembah teh sanes goeroe sanes ratoe, lianti wong ngatoea karo, sipatna indoeng bapa.

Indoeng bapa anoe ngoeroes oerang ti lelemboet, ngarawat ti boeboedak, geus teu ngingetkeun kapoesingan kahesean, djeung karipoehan dibelaan koe rang sare koerang dahar nga djaga djeung ngadidik anak, sangkan hiroep bangloes nepi ka gede.

Lamoen oerang ngahadja hajang males kana kahesean kari poehan indoeng bapa oeroet nga rawat oerang, geus hamo bisa bae, soesah pimaleseunana, toer arang langka kolot noe menta karoegian oeroet kaheseanana.

Papada oerang mangeran ka indoeng bapa oge, oelah lali soe mawonna ari noekangkeun mah nja eta noe ngajoega oerang beu rang kalawan peuting, sipatna Goesti Allah, da sanadjan an djeunna henteu djirim oge, meu reun sarerea oge pertjaja dinjana.

Demi pangna oerang goemelar ka alam doenja oge, kalawan pangawasa andjeunna, ari indoeng bapa mah ngan ngakoer djadi lantaran bae, kapapantjenan ngoeroesna deui.

Tapi ka eta doea kawadjiban teh, rek kench djalma anoe na roekangkeun kalah ka heug bae lojogna teh njembah ka noe lain koedoena, komo ka kaoem boe roeh noe laleutik mah, mangeranana ka noe djadi doenoengan teh dibelaan oessd esod (gengsor) njembah atjong-atjongan, kawasna teh leuwih sieun ka doenoengan ti batan ka indoeng bapa djeung ka Goesti Allah, da sieun teu kasanggo, sieun teu kapoedji koe doenoengan.

Tjeuk emoetan sim koering, ari njembah ka doenoengan tea, sok soemawonna wadjib, malah henteu soenat soenat atjan, ari ngan saoekoer hajang kapoedji atawa hajang dibere koeah beu kuh mah, tau goena.

Kapan adat boehoen (djilatis me) teh, dina djaman ajeuna keur noengtoetan dibasmi sangkan oelah hiroep deui di martja pada, sabab adat kitoe teh dipandangna koe bangsa sedjen katjida rendahna.

Boekti boekti noe diseboet di loehoer geus rea noe kapanggih.

Lamoen oerang hormat tilawat atawa njembah ka indoeng bapa, moal aja hidji djalma noe njeboetkeun djalma „pendjilat" malah aloes noe aja, da ninggang dina kamistinana, sabalikna la moen sok njembah ka noe lain lajakna, meureun tjek panjeboet na wong akeh teh, djalma „toe kang djilat".

Demi doenoengan mah aja oeroetna, henteu tjara indoeng bapa, sanadjan nepi ka leboer kiamah oge moal aja oeroetna, anoe matak oelah popohoan teu ing ari hormat tilawat ka lain la jakna teh, samistina bae.

Mapan tjek babasan tea mah: „Boeroek-boeroek papan djati", hartina boeroeng paloeng, hade goreng oge ari ka indoeng bapa mah oelah ngapilainkeun.

Djeung koedoe inget kana: „Poerwa daksina", poerwa wiwitan, daksina wekasan, oelah poho ka asal djeung wekasan.

Hiroep katoengkoel koe pati, paeh henteu njaho di manana, djadi koemawoela teh meureun aja eureunna, noe hiroep koedoe paeh, da moal megar kawas oraj.

Aja deui anoe sok ngapilainkeun ka indoeng bapa teh lain bae djadi djalma toekang djilat, tapi sok aja lantaran ti pamadjikan, sieun tea, era tea koe pamadjikan, doemeh boga kolot hina.

Komo oepama tjatjah meunangkeun istri menak mah, asa dirina bae djadi menak, koelan taran kasengsrem teuing koe ka menakan toer sieun koe pamadjikan, nepi ka aja noe nolas iklas teu dack ngakoe ka indoeng bapana, deui aja kadjadian noe njalindoeng ka geloeng emboeng ngakoe ka indoeng bapa da ka sengsrem koe kadoenjaan.

Djalma noe kieu tabeatna, tara djaga djaga teuing, tampola na sok kontan meunang wawalesna, roepa roepa anoe toemiba kana dirina.

Pirang pirang boekoe karangan para boedjangga anoe eusi na njaritakeun katjilakaan djal ma anoe koerang hormat tilawat atawa teu ngakoe ka indoeng bapa, tapi sacutik keneh pisan noe ngahargikeunana.

Sim koering noe matak noe lis kieu teh, sanes pisan pipin teranan, boemisa atawa sanes pisan njidoeh ka langit djeung sanes pisan mapatahan ngodjaj ka meri, toer henteu kadjoeroeng koe hate hasoed, gindi pikir belang bajah, ngan noe ka emoet teh malah mandar aja goenana pikeun pieunteungeun enggoning keur koemawoela djeung laki rabi.

Tjeuk dina goegoeritan papan toenan oge geuning aja ketjap-ketjap kieu: „Indoeng mah toeng goel rahajoe, bapa mah djati waloeja". Patjoean oelah ngan ngeunah ditembangkeunana bae, tapi koedoe dihartikeun anoe sadjero djerona. Pondokna har tikeun djeung hartikeuneun!

Petjoet.

Gesubs. Mulo School „Pasoendan" TASIKMALAJA.

Aangifte van leerlingen voor alle leerjaren: A. afd. (Eindonderwijs met handelsrekenen en boekhouden). B. afd. (Voor bereidend onderwijs met wiskunde) bij den

Directeur.

Pergerakan

Pasoendan tjabang Garoet.

Dina poé Ahad tanggal 24 Mei 1931, Pasoendan tjabang Garoet geus ngajakeun algemee ne ledenvergadering tempatna di Societeit Pagoejoeban Garoet. Agendapunten anoe penting, nja eta perkara ngadegkeun Schakelschool djeung lezing djrg. Iskandar Soemantri (Vice Voorzitter) tina perkara decen tralisatie.

Perkara schakelschool rame pisan dibadamikeunana, lantaran aja 2 n. 3 lid anoe teu moepa kat kana voorstel Commissie soepaja saheulaanan ngadegkeun middagschakelschool bae. Tapi barang distem, sabagian gede moefakat kana voorstel Commissie, sarta harita keneh toeloej ngangkat Schoolbestuur. Noe kapilih:

Voorzitter: Djr. Ismail
Secretaris: „ Atjoen Partasoedirdja
Penningmeester: djrg. H. Soetisna (Taloen)
Commissarissen:
djrg. Kartamihardja, djrg. Koko Natakoesoemah, djrg. Martasoetisna, djrg. Soemarna.

Ieu middagschakelschool baris diboeka engke dina boelan Juli '31. Lezing Djrg. Soemantri beunang diseboet penting, noe debat loba, ngan handjakal inleider loba teuing make kalimat² basa Walanda, djadi pikeun doe loer³ anoe teu paham basa Walanda mah, eusina eta lezing teu pati njerep pisan.

Tina bewara ti Bestuur anoe beunang diseboet penting nja eta perkara Debatingclub baris dihoedangkeun deui Mimiti vergadering debatingclub engke di na tanggal 19 ka 20 Juni 1931. Noe baris djadi inleider Djrg. Idih Prawira dipoetra.

Sadjabana ti eta, oge aboes kana bewara ti Bestuur, Pasoendan Garoet geus ngabogaan afdeeling: Toneel muziek sport en kunstafdeeling noe diloeloe goean koe para djrg: Djanaka, Bardjah' Koko, Ranoeatmadja djeung Iding.

Dina rondvraag anoe penting, kasaoeran Djrg. Koko, anoe ne rangkeun, jen andjeunna ajeuna sanggem ngiring kana Adviesbureau, bade masihan advies tina perkara kleinhandel, bare to andjeunna geus njanggoepan, ngan rek ngantor di boemina bae, lantaran teu damang. Oge aboes kana voorstel Djrg. Koko, perkara Pasoendan Istri. An djeunna ngarep ngarep di Garoet enggal diajaan Pasoendan Istri. Ieu vergadering diboeka taboeh 9 ditoetoep taboeh 2.

Verslag anoe leuwih pandjang djeung lengkep, baris dimoeat dina orgaan Pasoendan.

Verslaggever.

Seratkeun!

Dina bade ngintoenkeun artos No. Abonne (langganan) dina strook postwissel.

Adm.

Atikan

Kasoekaan.

Eimoe toengtoet doenja siar, soekan soekan sakadarna.

Rea djelema noe njangka bi sana meunang kasoekaan teh koedoe koe doeit.

Djelema noe kitoe sangkaan nana, k a l i r o e.

Teu koerang koerang djelema noe „mandi doeit" aja dina ka soekaan anoe pohara. Djelema anoe kieu tangtoe ngarasa, sana djan teja kakoerang, rea ketan rea keton, sawah ledok bodjo denok oge, teu bisa ngarasakeun kasenangan. Doeit teu aja toe loengna.

Teu koerang koerang djelema anoe masakat' meunang rachmat Pangeran, pinanggih djeung ka soekaan, bisa ngarasakeun kani' matanana doenja.

Ieu kabeh kasdilan Pangeran.

Kasoekaan djeung kasenangan hiroep, tangtoe sarerea geus pa da ngarasakeun, doea perkara anoe teu gampang dipibandana.

Tadi diterangkeun rea djele ma noe njangka jen bisana aja kasoekaan teh koedoe koe doeit. Lantaran ingetanana kasoekaan teh nja eta: bioscoop, opera, domino, „pelesir" enz.

Doeg hoeloe pet njawa, koela koeli neangan doeit saketip doea ketip, ari geus ngoempoel aja perakna, djol pikiran, hajang meunang kasoekaan, ka mana brasna? . . . . Bioskop, opera, pelesir, maen enz.

Doeit ledis!

Teu panasaran, da geus meu nang kasoekaan, nendjo ngabo djegna si Tjaplin.

Isoek mah toch gampang, koeli deui:

Oerang Tasik riboet, koeli pagetol-getol, —pagawe pakgade geus tingpoeringis— riboet sieun teu bisa laladjo Miss Riboet.

Kaliroe!

Kasoekaan noe kaseboet di loehoer ngan sawatara waktoe bae, oekoer djam-djaman.

K a s o e k a a n noe b e n e r, langgeng!

Kasoekaan make djalan domi no enz. kaliroe, kaliroe pisan!

I. K a s e h a t a n badan, bisa ngalanggengkeun kasoekaan. Ieu tetela.

Dus, lain doeit!

Djelema noe mandi doeit oge, lamoen badanna teu sehat, moal meunang kasenangan, (kapajoen Lijsol bade ngadadarkeun djalanna meunangkeun kasehatan make didikan Wetan, moal ka baratan kawas Siti Salmah, L.)

II. Djelema anoe beres roe mah tanggana, beres economiena, bisa meunang kasoekaan anoe langgeng djeung anak pamadjikanana.

Tjageur, bageur, kahiroepan meudjeuhna, noe bisa ngahontsi kasenangan noe langgeng teh.

Lamoen koesoet balandja da poer, sok teroes saroesoet, ma tak ngaleungitkeun kasoekaan.

Teroes bae oetjlak etjlok, meunang saperak, eta doeit anoe beunang ngindjeun. teh lain di pake laladjo dapoer, kalah ka Bioskop, rek ngabangbrangkeun hate, tjenah.

Beuki njoetjoed!

Balik ka imah, tambah ngara hoeh, kakara ngarasa beuteung koekoeroeboekan, boedak tjeu-rik hajang baranghakan, ari ret ka hawoe, tjarancom.

Kasoekaanana ngan sawatara waktoe bae ditoemboe (diganti) koe kasoesah.

III G e t o l d i g a w e tara da ek nganggoer.

Kani'matan, kasenangan hate sangeusna anggeus pagawean, mangga raraoskeun, pohara ni' matna.

Hasilna aja, badan sehat, oeteuk sehat, kasenangan meu nang.

Koemaha ari kasoekaan anoe kaliroe djalanna? Kantong bo dol, awak teu sehat, kasoekaan ngan sakendeung, malah contant diganti koe kasoesah, ma'siat deui meureun tjeuk santri mah.

Oerang koedoe mikaresep kana kasoekaan anoe saoetak saeutik, anoe bakal megeg kana kasoekaan anoe salah.

Tjoba pilih: Mending mana kasoekaan anoe saoetak-saeutik anoe langgeng atawa kasoekaan anoe kaleuwihan tapi kontan kalindih koe kasoesah?!

Iboe, bapa, didik anak anak arandjeun soepaja hiroep akal na, djadi djelema anoe dack di gawe!

IV Lawan moesoeh oerang, hawa napsoe moesoeh oerang anoe pohara djahatna.

Lamoen hajang meunang ka soekaan anoe langgeng, lawan hawa napsoe, moesoeh anoe sa lawasna rek ngagoebragkeun ka na djoerang kasoesahan, kamasa katan, kahandjakalan, enz.

Iboe, bapa noe njaah ka anak na, didik anak arandjeun kana kasoekaan anoe langgeng, noe sakadarna. Lamoen teu kitoe anak arandjeun meunangna ka soekaan teh ngan waktoe keur boedak bae, mangsa aja dina tjangkingan arandjeun, tapi oepa ma geus djadi djelema, geus ngentjar ti arandjeun, asoepna kana hiroep koemboeh moal pi nanggih djeung kasoekaan.

Mangka waspada, sawang dja man anoe kasanghareupan.

Pikeun panggeuing, hade oge oerang ngadarengekeun heula omonganana hidji millionnair ngaran C h a r l e s B r o a d w a y R o u s s, kieu pokna (pa patahna):

Kani'matan hate lamoen rek migawe pagawean anoe dipikare sep, leuwih ni'mat ti batan sa gala roepa kani'matan. (Djadi lamoen hajang meunang kasena ngan, kasoekaan, kani'matan koe doe getol digawe L).

Ngahoetang teh katjida matak narikna kana hate, lamoen koe arandjeun ditampahkeun, matak ngadjadikeun karoegian. [La-moer gede hoetang moal pinang gih djeung kasoekaan L.)

Doeroek boekoe boekoe hoe tang! Paksa diri arandjeun: „Teu meunang boga hoetang!"

Barangbeuli koedoe kontan! enz.

Rea deui pitoeahna, dongkap ka dieu bae heula bisi kapan djangan teuing, dinten sanes oerang teraskeun.

Doegi ka tepang deui.

Lysol

Kiriman

Ngadjawab hal f2000. Bang beak koe hama.

Pribados matja dina soerat kabar Sipatahoenan nomer 112 Djoemaah 12 Mei 1931.

Katjida pisan teu narimana ka noe ngalebetkeun dina soerat kabar, sabab pribados k-lawan anoe sateroes terangna teu nga gasab kana doeit bang anoe sa kitoe gedena, pribados lain omong kosong atawa ngan ke dok bae estoe sabener benerna ngadjawab teh, sarta anoe di asoepkeun 24 saksi djalma teh bohong, padahal anoe asoep perkelakan (pitnah) ngan aja 11 djalma (sawelas djalma), dina 11 djalma oge henteu toedjoel ka pribados sadaja, nja eta: 5 Djal ma anoe di toedjoel ka pribados, 2 djalma anoe di sangka babara ngannana di paksa didjoealan koe pribados, 1 djalma anoe di sangka sawahna dibeuli koe pribados, tapi atjan di bajar, 2 djalma anoe di sangka koe djoe roetoelis, 1 djalma anoe di sang ka koe Poendoeh.

Eta tjariosan djrg. G S. katji-da pisan soelajana, koerang sa sarna, koerang talitina, koerang reungeuna, koerang sehatna, boektina bet djol-djol soep bae kana soerat kabar Sipatahoenan (kana leuwi Sipatahoenan), toer anoe 11 djalma teh geus dipa riksa koe Tjamat, malah teroes ka pangadilan (Landraad) Garoet, sarta di pariosna eta anoe 11 djalma waktoe di tigas koe Land raad tarima kana hoetangna, sar ta manehna njoehoenkeun tem po (panoenoehoen) saboelan. Malah noe 4 djalma mah wak tos diparios teh hoetangna pa rantos loenas (poldan), djeung deui waktoe harita aja 4 djalma anoe ngaloenasan kana hoetang na (moldanan).

Deui anoe 11 djalma, anoe djadi pitnah ka pribados henteu aja f 2000.— ari sabenerna f 182 dina 7 djalma, da anoe 4 djalma mah geus loenas.

Hoermatna pribados
Loerah desa Singadjaja.
ENGKAT.

25 Mei 1931.

Ngilari hidji goeroe

Wedalan Kweekschool kang go H. I. S. Pasoendan II (teu nganggo Subsidie;) gadjih noe moetkeun stoetan Gouverne ment.

Serat panglamar adreskeun ka Bestuur Pasoendan Tjabang Tasikmalaja.

Pangeratna ping 20 Juni '31.

Pag. Sagawe

P. P. C. K.

Ringkesna verslag congres Persatoean Pegawai Centrale Kas (P. P. C. K.) di Madioen

Dina wengi minggoe sareng dinten minggoe ping 16-17 Mei di Madioen parantos aja congres P. P. C. K. tempatna di sakola Taman Siswo dipingpin koe R. Pandji Soeroso Lid Volksraad. noe darongkap ti Sakoeliah ta nah Djawa djeung Madoera aja 32 oetoesan (ti 32 tjabang P. P. C K.) ngabantoen ± 1000 saroea Verslag anoe langkoeng paos aja dina Orgaan P. P. C. K.

Handjakal ti west Java (Pa soendan) seueur noe teu atjan ngadegkeun tjabang (teu saroem ping) noe ngintoen oetoesan moeng ti tjabang P.P.C.K. Ban doeng, Tasikmalaja. Tjiamis, Soemedang, Tandjoengsari sa reng ti Krawang.

Koemaha ari ti sanesna, sa pertos ti Soekaboemi' Tjiandjoer Bogor, Indramajoe Tjirebon sa reng noe sanesna? Djoeragan djoeragan Personeel Centrale Kas Rendahan. (Committeu committeu sareng Mantri mantri) ieu teh parantos siang geura se deng garoegah tingali pakbond sanes geuning parantos ting pa rentoel soemangga padjengkeun vakbond oerang.

West Java.

Priangan

Tasikmalaja.

K a l e u n g i t a n r o e p a - r o e p a D i p l o m a.

Djrg. Dasoeki tjalik di Panjing kiran Tasikmalaja, ngawartosan jen andjeunna kaleungitan 1 Di ploma Klein Ambtenaar Exa men, Diploma H. I. S. Garoet sareng hidji Verklaring ti On derneming Soengai Langka Tan djoengkarang. Itjalna dina sasih Maart '31 di Betawi, noehoen oepami aja anoe kersa ngampi han sareng kersa ngawartosan ka adres di loehoer.

K a m a n a s a l a n g - s o e r o e p n a.

Di kampoeng Galoemplt ba wahan Soetji Garoet aja hidji djalma radjin pisan ngoempoel keun doeit ti saoerang (sirah) sabenggol, mangka geus aja 2 taoenna nepi ka kiwari. Teu aja hidji anoe wani nanjakeun dikamanakeun eta doeit teh? Teu aja pisan kabar tjaritana.

Tjek kabar aja sareboe djalma reana samingtoe sabenggol, mangga etang dilebet 2 taoen sabaraha?

Njanggakeun ka noe wadjib bae.

A u t o b u s d i e n s t T j e h W a h.

Mangkoeknа toean W.K. Bäu mer samemeh toempak Autobus Tjeh Wah, No. D. 6985 geus djangdji sarta dipaitkeun heula hargana doeaan, ti Tasikmalaja ka Garoet f 1.50.

Ieu perdjangdjian teh, geus kanjahoan lain ngan koe soepir na bae tapi kaidinan koe kon dektoerna. Barang ieu panoem pang geus toempak ti Tjihi deung nepi ka Nagara Wangi, ngadadak eta kondekteer teh geus naekkeun hargana, tjenah koedoe majar f 2. lamoen teu daek sakitoe koedoe toeroen.

Tangtoe bae ieu panoempang noe asa diheureujkeun teh toe-loej toeroen bae.

Katjida ngarasa salempangna, bisi atoeran kieu teh, dilarap keunana ka sagala djalma bae, babakoena ka oerang dessa noe barodo. meureun noe kitoe mah naroeroet bae. Lamoen tetep ki toe, bisa djadi ieu bus moal koeat bersaingan djeung Auto busdiensten noe sedjen.

P a s o e n d a n k r i n g T j i b a l o n g.

Koelantaran roepa roepa tare kah pikeun ngamadjoekeun Pa soendan kring Tjibalong, hese ngadjalankeunana lantaran hese njiar tempat. Ajeuna bestuur kring Pasoendan Tjibalong keur ihtiar -soepaja di eta tempat bi sa ngajakeun Clubhuis Pasoen dan. Eta Clubhuis djaba ti di pake paranti masamoan, sakali an djeung kantor Pasoendan, baris dipake oge pikeun kantor B.I.P. Bank Itikoerih Pasoen dan. Djaba ti eta baris dipake tempat cursus, naon bae noe katimbang perloe pikeun kama djoean rahajat. Lamoen clubhuis geus aja pasoendan kring Tjiba long, bisa djadi baris didjieun tjabang noe nangtoeng sorangan.

T h e p a g a b o n d K i n g

Ieu aja salah sahidji titel film noe beunang diseboetkeun pang gedena dina kalangan operette film, oepama dibandingkeun djeung film-film anoe geus per nah dimaenkeun didieu.

Meh ampir sapandjangna eta film make kleur natuur, sarta ngandoeng harti katjida gedena pikeun ieu film.

Dennis King, hidji toekang njanji noe geus kawentarkeun di kalangan film, kapapantjenan nje kel hoofdrol dibantoe koe je anette Mac Donald, noe kasohor ngeunah sorana, pirakoe para panonton henteu atjan kenal ka Jeanette, noe manis!

Pikeun diboektikeun, koema ha kaloesanana ieu film, dina engke malem Minggoe koe Geloenggoeng Bioscoop mimiti dipoeterna.

N j i a r o e n t o e n g t i n a m a e n b a l.

Di Tasikmalaja geus djadi kabiasaan, noe sok ngarajakeun Voetbalwedstryden teh, lain club atawa voetbal bond bae, tapi geus ilahar djalma piloearan ngajakeun Voetbalwedstryden, sabab eta teh dipake njiar ka oentoengan. Noe enggeus kadja lanan mah, enta bae aja k-oen-toenganana minangka boeroe-han tjape ngoeroeskeunana, tapi dina Voetbalwedstryden noe pa-nganjarna mah, tjek noe mere bedja, ti batan djadi kaoentoe ngan mah, maloh djadi karoegi an.

Abong enta djalma, samilikna sabagdjana.

L e l a n g b o r o n g a n.

Engke dina tanggal 16 Juni 1931 di Radjapolah baris aja le-lang borongan ngadegkeun pasar dessa. Noe hajang ngilikan koe maha perdjangdjianana bisa ngi likan di kantor Katjamatan Ra djapolah. Noe leuwih tetela tinga lan dina advertentiena noe di moeat powe ieu.

R e n g g a n i s.

Kantor Redactie ieu soerat kabar geus nampa kiriman hidji boekoe wawatjan Rengganis ka II (toelen) karangan R. H. Ab doelsalam.

Ieu wawatjan istoening toelen njoetat tina pokona pisan. Koe ramena koemaha loetjoena, koe maha loejoena dina entep seu reuhna basa, henteu perloe di poedji, da djenengan noe nga raagna oge geus kakontjara boe djangga baheula.

Noehoen ka toko boekoe M. I. Prawira Winata di Bandoeng noe ngintoenan ieu boekoe.

—o—

Ti Soemedang.

B o e n t o e t n a k a k o e s o e t a n?

Dina ieu soerat kabar geus sababaraha kali ditjaritakeun pa telakna somah oerang Sitoeradja (Soemedang) djeung Ass. Weda-na noe njekel eta onderdistrict, nja eta noe geus remen dibe-rendelkeun koe Si Djalak.

Doeka naon noe djadi sabab-sababna, ngan bae matak ngaboe ngahkeun ka somahan ti ieu onderdistrict doemeh Djrg. Sas trawidjaja Ass. Wedana di ieu onderdistrict geus diparentah-keun soepaja pindah ka o/d Tji peundeuj bawahan Bandoeng.

Koe ajana ieu kapindahan ma tak ngiboengahkeun ka doea pihakanana. (Si Djalak)

—o—

Ti Garoet.

K a r i n a h d i n a p o s t w i s s e l.

Hadji Gani oerang kampoeng Tjibatek bawahan Leles (Garoet) geus nampa kiriman postwissel reana f 200.— ti sabrang.

Sakoemaha tali paranti, tem pat noe djaoeh ka kantor post, eta postwissel teh dikirimkeuna na ka Kawadanaan. Hadji Gani dibedjaan sina datang ka Kawa danaan, barang datang ka dinja dibedjaan jen aja kiriman doeit, tapi henteu dibedjaan sabaraha reana, ari Hadji Gani henteu njaho kana reana, sabab teu bi sa matja. Di kantor Kawadanaan Hadji Gani ditilah nanda djeung ngadjempol dina eta postwissel tea, saenggeusna ngadjempol ma nehna nanjakeun iraha ari doeit na.

Ieu pertanjaan meunang dja-waban, engke oge dibedjaan deui lamoen doeitna geus datang isoek bae ka dieu deui.

Isoekna Hadji Gani datang ka Kawadanaan sarta manehna nampa doeit f 100.

Saenggeusna saboelan Hadji Gani meunang bedja, jen kiri man doeit teh lain f 100. tapi f 200., manehna henteu talangke deui toeloej nanjakeun ka kan-tor Kawadanaan. Tjek salah sa hidji pagawe noe bareto nitah nanda ka Hadji Gani tea: „be-ner doeit teh f 200. tapi noe sa ratoes dilindjeum koe tah ieu bae tjekel bonna". Boehoehan oerang kampoeng, babakoena sieun, henteu rea tjarita deui toeloej bae balik. Ieu kadjadian, tangtoe bae matak ngadjengkel keun ka Hadji Gani, ditagihna nepi ka 7 balikan, ka dalapan kalina kakara dibajar kitoe oge ditoengtoet.

Malah aja deui tjek bedja mah, kadjadian noe saroepa ki toe teh, nja eta oerang Dce-ngoesitoe f 130. djeung saograng deui oerang dinja keneh f 180.

Soepaja henteu ngarocksak kana kapertjajaan rahajat, katji da perloena ieu kadjadian teh ditaloengtik koe noe wadjib.

R i n t j i k a n t a n a h d i L e l e s.

Oerang Leles rea anoe hen teu ngarasa soegema sabab nga rasa beurat teuing koenoe ma-jarna ongkos rintjikan da noe roetkeun anggapanana mah. beu beunangan rintjikan teh henteu tjotjog djeung tanah pangaboga na, malah rereana djadi leuwih ngalegaan. Toengtoengna djalma teh ngabogaan sangka, palang siang leu mah djadi ngalegaan soteh, ngarintjikna oae henteu beuer, atawa soepaja ongkosna bae djadi ngagedean. Koe sabab eta, soepaja ngadjadikeun ka soegemaan, katjida hadena la moen ieu rintjikan teh aja noe mariksa deui.

T e u s a r o e a m e t a k e u n a n a k a h o r m a t a n.

Keur ka sakola kl II di Ka doengora aja Inspecteur, Goe roe goeroe di eta sakola meta keunana kahormatan henteu sa roea. Soep ka hidji klas, goe roena brak sila tjong njembah, roepana bae koe inspecteur teh katjida kamanahna. Ti dinja soep deui ka klas noe sedjen, goe roena ngan oekoer inggoek bae. ieu kahormatan roepana bae henteu matak soegema ka noe dinormat, Sanadjan ieu kahor matan teh lain kawadjiban, tapi toch oerang sareres ngarti, la moen inspectie rek njalahkeun kana pagawean sedjen tangtoe gampang bae, pari basa „rek maledog andjing teu soesah njiar batoe," da eta bae make ditjare kan doeka tina pasal naon. Pa dahal lamoen noe tadi henteu brek sila tjong njembah mah, henteu atjan tangtoe aja kieu. (Kyker.)

—o—

Ti Tjiandjoer.

P a n g h a l a n g P. G. D.

Tjek noe njarita, ajeuna pagoe joeban P. G. D. di Tjiandjoer, rea meunang panghalangna, ma-lah aja anti propaganda. Djigana bae soepaja ieu organisatie nepi ka roeksak. Tapi noe djadi pang halang sarta noe ngajakeun anti propaganda teh, noe koedoe dja di kaomna eta pagoejoeban, sa-nadjan lain karepna sorangan ta pi bisa djadi aja noe nitah. Bes tuur P.G.D. sing ewas sarta ati ati kena kawadjiban djeung nga djoga organisatie. (L.)

K a r o t j e t a n d i n a p i l i h a n L o e r a h.

Keur ngajakeun pilihan Loe rah dibawahan Djampang (Tji-andjoer Kidoel) geus aja karo-tjetan noe katjida pikaseurieuna na, nepi ka meh djiga soelap bae.

Noe aja hak milih aja 682 djalma, ari noe datang aja 575 djalma. Proeng pilihan didjalan keun, ari noe meunang sora pangreana Hadji A.

Tapi ieu pilihan teh koe djadi commissie di batalk Tidinja ngajakeun deui pil noe kadoea kalina, tapi aje mah noe kapilih teh ngaran anakna Loerah noe eureun

Djalma rea henteu ngerti, sababna ieu pilihan nepi ka toe. Toengtoengna pisan, so oge protest soepaja ieu pil teh dibatalkeun deui, da noe ngarasa henteu milih k. nja, tapi eta noe djadi. Oep dipaksa eta noe koedoe d rea somahnoe emboeng ngang

Koemaha timbanganana cc sie tina ieu perkara henteu s meunang bedja, tapi kadjeu hate somah geus beunang tepkeun, lamoen henteu ka roe diberesan deui.

—o—

Ti Bandoeng.

B e r a k w a l i r a

Tjek noe njarita madjar kampoeng Tjibodas bawahan Tjiwidej (Bandoeng) pare d wah rea noe goreng djad malah rea noe rocksak pisa

Koe anggapanana oerang di pangna eta sawah nepi ka k teh, lantaran rea kokotor w rang pamitjeunan ti fabriek lirang noe henteu sakoem djaoehna ti eta tempat. henteuna kitoe, doeka teu ngan bae bisi bener sakoem katerangan patani tea, pe oge koe noe wadjib diperiksa

K e u r l a n g g a n d i d a j e u h B d o e n g.

Engke ngamimitian tangga boelan ieu, langganan noe di dajeuh Bandoeng baris di han koe rekening looper Sip hoenan. Koe margi eta sae d tos doegi ka dongkapna reken looper bae sareng sakalian d jagikeun artosna. Nanging n gi atos atos pisan, oepami del rekeningna sanes noe S tahoenan sanaos majar oge h teu dianggap sah. Moegi diem keun!

C i r c u s H a n d

Badja ti noe beunang dip tjaja, lantaran di aloen aloen sambi djaba ti heurin teh djet ari hoedjan kakeum deui, (perti noe geus dibedjakeun d Sip. kamari), Circus Handy ris dipindahkeun ka aloen-alo kota.

M i s s R i b o

Ajeuna Miss Riboe: geus ni gulkeun Bandoeng, tapi tjen moal lila oge datang deui, ng rek moeroe ka Garoet djeu Tasikmalaja bae, ti dieu m rek ka Bandoeng deui. Bisa di datangna deui ka Bandoe teh moeroe kana Jaarbeurs.

„THEE ORANJE

SITI SOEHIJANAH Nagr Halte Tjibadak sajagi thee h djo sareng beureum, thee s ngit sanes poepoelasan, namoe seungit bawana ngadjadi mat sehat kana salira, margi dipi mel tina p etjoek Pecco an panglemesna, ditanggel bersi Pangos dina 1 pak anoe Pond f 0.15 1/2 Pond f 0.30 s reng anoe 1 Pond f 0.60

Oepami ngagaleuh seueur atar pi itjaleun deui kenging po ngan ageung

Dilebet pak aja premie bon

HOOFD AGENT:

Djoeragan S. ADMAWIRIJ Bandoeng Gr. Postweg Oo No. 142

Djoeragan SOFHANDI Tjia djoer

Milari Agent dimana mana, pas basilan sae

Lelang Borongan,

Dina poè Salasa tanggal 16 Juni 1931, djam 9 isoek tempatna di Bale desa Radjapolah onderdistrict Radjapolah, baris dilja-keun lelang borongan njieun 1 adegan pasar dessa (1 passer loods Radjapolah Kidoel).

Roepa roepa perdjangdjian sareng sedjen sedjen katerangan tiasa di oeningna di kantor Katjamatan Radjapolah oenggal dine-ten, kadjabi ti dinten Minggoe, ti djam 8 endjing doegi ka djam 2 siang.

Serat serat panglamar (nawar) kedah ditoedjoelkeun ka Loerah dessa Radjapolah Kidoel, samemehna tanggal 16 Juni 1931.

Loerah dessa Radjapolah Kidoel
Joedawisastra.

Naon hartosna „pagoejoeban?"

Biantara M. A. SALMOEN dina pasamoan „Pagoejoeban Toeloeng Tinoeloengan Istri" di Pandeglang.

— Samboengan Sip. dinten Rebo —

3. Hama pagoejoeban.

Noemoetkeun noe geus kapendak, hama pagoejoeban teh aja 2 roepi, nja eta :

I. Hama ti loear, noe di sebat reactie sareng

II. Hama ti djero, noe disebat afbreuk.

Doepi reactie biasana bidjilna ti djalma anoe henteu panoedjoe kana aja pagoejoeban.

Djalanna njingkahan ieu hama babakoena teu aja sanes moeng kedah njantosaan parkempelan koe andjeun, sing tohaga, sing sajaga, sing pageuh. Doepi djalanna mah koemaha bae. Sajaktosna bab ieu teu aneh, margi parantos aja ti koedratna, jen sagala roepi kedah aja lalawanana. Samangsa-mangsa aja actie, kedah aja reactie. Ieu mah kuntoen tergantoeng kana hidengna bestuur sareng lajeutna elid bae.

Doepi afbreuk? Rada sesah nerangkeunana, asa heurin koe letah, sok sieun bilih di antawis noe saroemping aja noe asa ka tjiwit koelit kabawa daging. Teu aja sanes, moeng njanggakeun sareboe bebendoe salaksa doe-doeka. Noe bade dipedar teh sanes bade noedoehkeun persoonlijk ka djalmana, nanging hojong nembongkeun roepi roepi hal anoe kirang sae.

Djoeragan djoeragan!

Tadi parantos ditjarioskeun jen di antawis lid teh sok aja noe palsoe. Eta teh limbrah, dina pagoejoeban naon naon oge sok aja. Eta noe palsoe teh, dina rioengan atanapi pasamoan mah semoena teh sok mlenja, bangoen resep, bangoen panoedjoe. Nanging. . . . ? Di poeng koer mah sasat ngahihileudan. Teu kitoe oge sok resep ngawon ngawon pagoejoebanana. Sakirang kirangna ngawon ngawon bestuur sareng rentjang sapakempelan. Hama noe kieu teu kinten ngareksakna.

Lid anoe kitoe, noe geus tetela bae djadi hidji noda pikeun ka skoeran. Djabi ti kitoe nembongkeun kabodosanana pribadi.

Margi noe pinter mah moal ieuh garantas gerentes di poeng koer. Da oepami gerentesna tea kakoeping koe noe mangartos mah, eta noe sasaoeran teh di pojok: „Asa oelad-alid! ongkoh dilebetan ongkoh ditjawad. Apan terang teu panoedjoe, naha di lebetan?" Kaawonan elid noe kitoe, biasana lir tamiang meulit ka bitis. Noe awon tea mah, nja manehna pribadi, kalebet djelma teu beresih.

Ongkoh ari noe pinter mah tara ieuh koekoeloetoes di poengkoer, salamina sok brock brak reboet bebeneran adoe hareupan.

Tadi keur waktos njebat silih eledan, parantos diterangkeun jen oerang teh kedah aja noe ngelehan maneh.

Noemoetkeun wateksna manoe sa, djalma teh sok soengkan asor, mangkaning dina pagoejoeban teh elidna warni warni, aja menak aja santana, malah aja kaom handap.

Teu kinten lepatna oepami (ieu mah oepamina, palias teuing dina ieu pagoejoeban mah) oepami elid menak tea teu kersa tjatjampoeran sareng rentjang sapakempelanana. Margina, apan nja menak tea noe kedah djadi tjonto ka noe handap, djaluran geus limbrah, pinter aja di menak, lemes aja di menak, model aja di menak.

Lepat pisan oepami aja noe kagoengan anggapan jen oepami noe dihandap dilajeuan koe menak sok njaloentang atanapi ngoenghak. Eta lepat, margi noe handap mah soemawonten doe gi ka disambat, dalah nembe ditaros oge koe menak rarasaan nana teh geus stoh, boengah, asa kenging kahormatan. Malah abdi pribados, oepami aja menak, mariksa teh, nasa asa koe lega eta raraosan, mani asa nga dadak beunghar teh sajaktosna.

Mosi matak djadi soeda, moal matak djadi ngirangan kana kahormatan oepami kersa sasa rengan sareng elid noe sahanda peun. Malah sawangsoelna dja di pamoedjian, djadi pananggeuhan, doegi ka basana oge: „Na eta mah menak eta, aja koe bageur, koe amis boedi, koe akoer" oepami menak noe kieu ngalih atanapi poepoes, noe handap teh sok leungiteun.

Nanging moegi oelah lepat ngartos, sanes abdi bade miwarang soepados menak sareng noe handap sarasa sapikir, sata sapangloenggoehan. Tobat pisan sanes kitoe maksadna, margi ari adjen mah sanaos koemaha koemaha oge tangtos loehoer menak. Noe handap wadjib ngahormatna.

Djabi ti eta, aja deui hama teh, nja eta oepamina (poenten bae, ieu oge oepami) oepamina bae hidji bestuur atanapi hidji lid noe kapapantjenan djadi goeroe ka elid-elidna noe barodo (Da dina pakempelan teh teu sadaja elid sami kapinteranana) Heug eta goeroe teh dina hidji roepi hal katilih pangarti, kahontal pangabisa. Eta goeroe teh toeloej delitan, aja rasa era ata napi sirik doemeh kaoengkoelan, toengtoengna koret kana kalasana, malah awenna pisan doegi ka ngawonkeun ka moeridna. Toer padahal, oepami moeridna pinter goeroena noe kamashoer, tjek noe njeboet teh: „Leuh edas eta mah moerid si Anoe, na aja loba pangabisana". Atanapi si A. ditaros koe si B. „Ti saha aji diadjar noe kieu teh?" Ana ngawalon: „Ti goeroe abdi Djoeragan C." Toeh apan goeroena noe kongas teh! Eta bae mangga, di pasantren, noe kasohor teh tara santrina, nanging Kiaina, Adjengan nana.

Nanging sawangsoelna, moerid atanapi lid noe gadoeh kati asa, oelah koret, kedah kersa ngarintahkeun kalasana ka noe sanes. Koe djalan kieu djadi sadajana katjeretan, toengtoengna noe seungit tea mah nja pagoejoebanana.

Djabi ti ieu doea roepi hama, hama noe nomer wahid mah nja eta contributie. Oepami ieu la poer, nja . . . . ? Pagoejoeban oge moesna.

— — — — — — — — — —

Panoetoep tjatoer, panigas ke tjap.

Sanaos sajaktosna seueur ke neh oge noe bade ditjarioskeun, moal bade papandjangan, tjekap koe sakieu bae.

Ka pagoejoeban P.T.T.I. pribadi, ngahatoerkeun kawiloedjengan, moegi-moegi tiasa pandjang poendjoeng, hedjo lemok oelah keuna koe hama.

Mangga njenggakeun!

Rengrengan Koemetir Raad Kaboepaten Tasikmalaja.

NJAOER KANOE REK NGALAMAR KANA PADAMELAN:

DIRECTEUR REGENTSCHAPSWERKEN

Pameredih angkatan djeung atoeran gadjihna, noeroetkeun noe geus di toelis dina advertentie noe tiheula. Oepama aja perdjangdjian anoe loear biasa, hade diterangkeun dina rekesanana, Noe pangheulana djadi timbangan, nja eta ambtenaar ambtenaar noe geus ngadjalankeun gawe di nagara di nagara, Gemeente Gemeente, Kaboepaten Kaboepaten djeung sallanna, noe baroga staat van dienst noe hale kalawan soerat soerat poedjianana.

Pikeun noe rarekes noe kaseboet bieu, teu make waktoe pertjobaan.

mah matak reugreug. Tapi aneh ari toeloejna mah teu aja noe reugeudjeug, asoep kana paribasa „doer tjes". Noe datang kana vergadering, ari mimiti mah teu woedoe, matak reugreug, tapi lila-lila teu tjeehan.

Toendjangan kana sociaal, meh teu aja, boh ti noe baleung har, boh ti para menak. Geura waktoe Pas. rek ngajakeun H. I. S. tjarjakan lamoen Bestuur teu prihatin, samar bisa ngadeg. Soekoer madjoe boe boehan leukeun.

Keuna kana kawat listrict.

Sawatara poé katoekang, hidji Indonesier oerang Sodong ngagiringkeun 2 moendingna noe rek ditjap di Poerwakarta lebah lapang voetbal Tiong Hwa di Kebonkolot, eta 2 moending nintjak kawat listrict, noe ti peutingna pegat, lantaran tihang na kadoepak koe autobus.

Eta 2 moending harita keneh abroeg-abroegan, tapi kawatna napel bae. Djelemana gantjang noeloengan, moendingna dibedoi atoeh manehna oge keuna koe listrict. Oentoeng djelemana mah katoeloengan, tapi ari moendingna mah doeanana paeh.

Handy Circus.

Tanggal 22—23 Mei di aloen aloen Poerwakarta aja tongtonan Handy Circus.

Sanadjan doea peutingananna hoedjan gede, tapi noe laladjo teu boeroeng pinoeh.

Saenjana koe tongtonan noe kitoe teh, ka Poerwakarta mah rada poeroeg, kitoe deui idinan ti R.R. rada logor.

Nja ari pikeun R.R. mah loe majan lantaran narik padjeg, tapi kantong rajat sabaraha raoes noe digondol koe deungeun.

Walanda Morris.

Walanda Morris teh hidji personeel P. en T. landen maneh na djadi goegoeloena voetbal ti eta ondernemingen.

Poé Saptoe ddo. 23 Mei 31 di aloen aloen Poerwakarta aja match antara Krawang contra Soekamandi. Walanda Morris tea oge datang ngagoegoeloean ngan teu ngiloe maen.

Waktoe maen harita aja bal out ka sisi beulah kidoel, ari datangna eta bal melentoeng ka toekangeun publiek noe laladjo.

Herita kabeneran eta Walanda Morris teh keur leumpang lebah pimoeragoeanana bal noe out tea. Lamoen di djelema anoe boga doedoega perjoga mah moal disepak eta bal teh, sabab hareupeunana teh ngadjadjar djelema kolot boedak, awewe lalaki.

Tapi koe Walanda Morris mah teu dihiding; barang bal datang habek, bae disepak sata rikna; djebet, eta bal teh keuna kanoe laladjo, broe njoeoeh ka toeralengan ± 5 minoet lilana maloem keuna kana lebah pa non. Rob, djelema pada naroe loengan noe tjilaka.

Koemaha petana, Walanda Morris tea? Barang manehna nendjo noe tjilaka, toer koe lampahna teh, ngen oekoer nge lol „bari seuri" leos bae indit.

Koetan kitoe ari adatna Walanda Onderneming, mandangna ka Inlander teh bangsa roentah.

Kitoe petana djelema noe di seboet sopan? Terlaloe!!

Kahajang teh moen enja enja aja rasa kamanoesaan sanadjan eta teh lain dihadja, entong ari menta dihampoera mah atoeh noeloengan boeroe-boeroe, ieu mah anggoer seuri, kawas noe atoh nendjo noe tjilaka teh.

Noe tjilaka, sanggeus eling deui teu bisa teroes laladjo.

(Sekar Aroem).

Sport

V.V.D — V.V.D.A.M,

Dina poé Minggoe tt. 24/5-31 di Singaparna diajakeun tandingan maen bal v.v. D. Tasikmalaja v.v. D.A.M. Mangoenredja Katjida handjakalna rek poe koel 4 geus ger hoedjan, tapi sanadjan kitoe ari maen mah di teroeskeun bae, mimiti poekoel 4.15.

Sanggena scheidrechter nloep soerilit broel noe baris maraen ka tengah lapang.

Tos beunang koe D. A. M. djadi noe mimiti njepak bal v.v.D.

Ti barang proeng katembong na bal ka ditoe ka dieu, tapi handjakal pisan teu tembong pangabisana hidji-hidji noe ma en lantaran gede hoedjan tea, malah mindeng pisan bal ngem blek dina tjai teu kaoer madjoe.

Nepi ka ngaso teu atjan aja noe eleh.

Sanggeus ngaraso, katembong na noe maraen pada saroson soson, tina sabab pada harujang ngasoepkeun ka moesoehna, tapi nja eta atoeh teu weleh kagang goe koe tjai noe sakitoe ngejem bengna.

Kabeneran hidji sepakan rech bulten ti v. v. D.A.M. anoe ka tjida loetjoena, geus bisa ngabedah bentengna v. v. D. Djadi kadjasanana 1—0 pikeun D.A M.

Sanggeus bal dikatengahkeun deui. v.v.D. beuki saroson soson pisan, hajang moenahan hoetangna, v.v.D.A.M. oge njakitoe da sleuneun kapoenahan.

Teu lila, laksana oge V.V.D. ngasoepkeun kana bentengna v.v. D. A. M. tapi handjakal di san outseid. Nepi ka enggeusan hoedjan teu eureun eureun stand tetep 1—0 pikeun v. v. D. A. M.

Pamandangan.

1e. Waktoe bal asoep ka V. V. D. teu kanjahoan deui aja nji roe kakalajangan di tengah lapang, koering seuri bawaning kapiasem, na ber di Singaparna masih keneh aja noe kitoe, mani asa djaman taoen salapan ratoes.

2. Waktoe bal asoep ka v.v. D.A.M. katjida heranna, reh lepri tadina teu nabeuh soerilitna tapi barang geus rek di katengah keun deui balna, ti pihak v. v. D. A M. aja noe njeboet outside, lepri noeroet ka pihak v. v. D. A. M.

Kahajang koering mah lepri teh oelah sok toetoeroet moending, koedoe pengkoeh njekel bebeneranana.

3. v. v. D. A. M. loba keneh noe ngagoenakeun sikoe djeung peureup.

Koe sabab kitoe pamenta koering, tjing kahareup mah dina maen bal teh oelah sok ngagoenakeun noe kitoe!

Tjakradinata Trinity.

—o—

Tennis Wedstrijd

Dina poé Minggoe tanggal 24 boelan ieu, di Tennis baan Tjiamis geus diajakeun Wedstrijd antara Tennis club Indonesia ti Tasik djeung Tennis club Tjiamis. Djam 7 ieuwih, isoek-isoek Wedstrijd dimimitian, djam 3.30 sore kakara anggeus.

Single:

Djrg Hendriks ti Tjiamis			Djrg. Soeban ti Tasik
1e. Set	6	—	3
2e. Set	2	—	6
3e. Set	3	—	6
Djrg. Achmad		—	Djrg. Iping
1e. Set	6	—	8
2e. Set	6	—	3
3e. Set	6	—	1
Djrg. Oekoed ti Tjiamis			Djrg. Didi ti Tasik
1. Set.	6	—	3.
2. Set.	6	—	8. Long Set.
3. Set.	6	—	2.
Djrg. Setia			Djrg. Soeleman
1. Set.	6	—	1.
2. Set.	6	—	2.
Doble			
ti Tjiamis			ti Tasikmalaja
Djrg. Schiuw			Djrg. Djaja
Djrg. Adjenar			Djrg. Soeplan
1. Set.	6	—	4.
2. Set.	6	—	4.
Djrg Piyt			Djrg Setja
„ Soewarma			„ Karta (Ito)
ti Tjiamis			ti Tasik
1e. set	2	—	6
2e. set	6	—	1
3e. set	7	—	5 long set
Djrg Soekasah			Djrg Karta
„ Oehoed			„ Didi
1e. set	6	—	3
2e. set	6	—	3
Djrg Achmed			Djrg Soeban
„ Hendriks			„ Iping
1e. set	6	—	1
2e. set	6	—	4

Djadi uitslagna pertandingan nja eta 7—1 keur Tjiamis.

Verslaggever.

—o—

Voetbal

Uitslagna tina stedenwedstrijd taoen ieu di Batawi, ti tanggal 22 t/m tanggal 25 Mei 1931.

Poé kahidji, Batawi-Semarang 3—2.

Poé kadoea, Bandoeng-Semarang 4—0.

Poé katiloe Bandoeng-Soerabaja 3—3.

Poé kaopat Batawi Soerabaja 4—0

Koe kaajaan stand kitoe teh ajeuna noe djadi nomer hidji (kampioen) teh Bandoeng, nomer doea Batawi, nomer tiloe Semarang djeung nomer opat Soerabaja.

Dina malem Rebo kamari, sanggeus ngajakeun optocht di societeit Ons Genoegen, B(andoengsche) V(oetbal) B(ond) pesta minangka tjoetjoerak pedah djadi kampioen N. I. V. B.

Notaris wesselbeker.

Poé Saptoe, Ahad, Senen ddo 23—24—25 Mei '31 di alooa Poerwakarta aja voetbalwedstrijd mareboetkeun „Notaris wesselbeker."

Poé Saptoe, Soekamandi contra Krawang 6—1 pikeun kameunangan Soekamandi.

Poé Ahad, Poerwakarta contra Soebang, 6—1 pikeun Poerwakarta.

Poé Senen Poerwakarta contra Soekamandi 4—0 pikeun Poerwakarta.

Djadi eta „Wesselbeker" ka milik koe Poerwakarta.

Koropak

Djoeragan abonne No. 1812 di Poerwakarta.

Henteu kinten bae handjakalna, Administratie henteu tiasa ngalaksanakeun pamoendoet Djoeragan, doepi margina oepami ngadamel special atoeran kangge Djoeragan, henteu kinten bae ngarepotkeunana teh. Koe margi eta, sae ditarekahan koe Djoeragan bae

Kawat

tina s. s. k.

DENEMARKEN.

Polen ragrag.

Copenhagen. (Aneta-Nipa-Reuter). Dina waktoe aja pertandingan Davis Cup, Denemarken geus bisa ngaragragkeun Polen, 3—1.

—o—

BELGIE.

Bitoena hidji fabriek.

Brussel. (Aneta-Nipa transocean). „Cockerie!" hidji paoe sahaan noe kakontjarakeun, noe aja di Seraing, deukeut Liege, kamari sore eta fabriek geus bitoe, noe dilantarankeun koe hidji tank noe dieusi benzin bedah. Limabelas kaoem boeroeh ti eta fabriek dikirimkeun ka roemah sakit, sartes sababaraha djalma ti antarana noe meunang tatoe pajah, sedeng noe nepi ka hantuna pisan aja doea djalma

INDIA.

Naha Gandhi rek indit ka London?

Simla. (Aneta Nipa Reuter) Ti kalangan noe beunang diper tjaja. tina halna Gandhi ngara sa sangsi keneh rek inditna ka na koempoelan Federatie Structure Commitie di Londen, noe rek dinjakeun dina tanggal 29 Juli. Tapi meh ampir ti sakabeh wawakil satoedjoe soepaja Gandhi inditna ti Bombay dina tanggal 13 Juli, kalawan make kapal „Peninsular Cathay"

—o—

FRANKRIJK.

Naha eonja?

Parijs. (Aneta Nipa Transoceaan). Minister loear nagara ti Spanje, Lerroux, keur dina djero perdjalanan ka Geneve, di na salah sahidji intervieuw njaritakeun, jen pamarentah Spanje henteu rek niat pikeun mi suhkeun garedja djeung nagara, tapi sabalikna rek neroeskeun pamaksoedanana noe leuwih djaoeh.

—o—

NEDERLAND.

Didjoengdjoeng kana ka loenggoehan hakim.

Den Haag. [Aneta-Nipa]. Advocaat Loeff ti 's Hertogenbosch didjoengdjoeng kana kaloenggoehan hakim di Utrecht.

Miloe njokot bagian.

Den Haag. (Aneta - Nipa). Hens, Ir. Kalff, Dr. de Visser, proffessoren Gerretson djeung Kielstra, oge Treub, geus njokot bagian kana Raad van Advies noe diajakeun koe Nationaal Jongerenbond.

Iraha deui waktosna?

Oepami hojong enggal madjengna peroesahaan djoeragan, kedah ti ajeuna ngalebetkeun Advertentie dagblad Sipatahoenan.

SAE, LEMES

Roepina panangan sareng raraj oepami saban sonten koelitna digosok koe PUROL saeutik sareng endjing endjingna dikoembah koe saboen PUROL. Oepami siang nganggo wedak PUROL, raraj teh enggal katawis beresih sareng saroepi noe tambih getih.

PUROL

noe dikalengan pangaos 40 sen sareng 75 sen, tube f 1. Wedak Purol 90 sen sareng f 1.50 Saboen Purol noe dina doos ke retas 90 sen. Sajagi di roemah, obat sareng toko toko,

Indonesia

Raden anjar.

Noeroetkeun bisloeit pamaren tah tanggal 22 boelan ieu, Mas Madtawidjaja, landbouwer (toekang tani) di Soekaratoe bawahan Priangan Wetan. geus kadinan make titel Raden. Djadi ti ajeuna kahareupna, meunang njeboetkeun djeung noeliskeun ngaranna djadi: Raden Madtawi djaja.

—o—

Regent ka Eropa

Taoen ieu teu atjan aja bedja deui, dalem mana anoe rek di pelesirkeun ka Eropa. Naha di ririwaan koe waktoe meleset ki toe?

Lamoen teu aja teh, arato heun temen rahajat, doelt teu dihamboer hamboer teu poe goeh, anoe teu aja pisan pacdah ns, da ngan oekoer melesirkeun maloeloe, studie mah . . . . . studie ngon, di dieu oge ari karep mah sakitoe lobana tjabakeun teh. Ieu mah atoeran teh ngan djiga rek ngangeunahkeun ka hidji groep anoe katjida sa eutikna bae.

Tjek bedja ari noe rarekes mah, maroendoet studie reis geus loba, malah tjenah kang djeng Dalem Tjiandjoer oge moendoet djeung ngalamoen. Moedah moedahan bae atoeh tereh hasil, soesoeganan manggih tjonto koemaha sangkan ngereh bisa repeh reudjeung rapih.

—o—

Ti Poerwakarta.

Pakoempoelan.

Ti djaman S.I. keneh nepi ka kiwari, di Poerwakarta teh teu tinggaleun ari ngadegkeunana mah roepa roepa pakoempoelan. Sarta ari barang mimiti ngadeg

„PASOENDAN SOEMEDANG"

Ngawitan dina ping 1 Juli 1931 di Soemedang bade moeka H. I. S. „Pasoendan".

Koe margi eta:

a. Milari hidji goeroe diploma H. K. S. atanapi Kweekschool, gadjih sakoemaha di Goepernemen, Panglamar keduh disebatkeun gadjih di Goepernemen sareng diadreskeun ka djoeragan Commissie H. I. S. Pasoendan Soemedang p/a M. Adimadja di Groote Postweg (Soemedang).

b. Anoe teu aampi bewara (lijst) pimoerideun, sae boedjeng boe djeung njeratan ka R. Soemardja, Secretaris Pasoendan Soemedang. Bajaran sakola sakoemaha di H. I. S. Goepernemen diwoe woch 50 sen sareng nganggo entree f 10.—

BESTUUR,

ADVERTENTIËN

KANTOREN:

R. Idih Prawira di Poetra

RECHTSKUNDIGE

Nampi padamelan ADVOCAAT EN PROCUREUR
OEROESAN: CIVIEL, CRIMINEEL, SARENG SADJABI TI ETA

Hoofdkantoor di Garoet: tel. 142 Pakoewon No. 10
Bijkantoor di Tasikmalaja: tel. 121 Manondjajaweg — No. 13, atawa Heerenstraat No. 14 sareng — Pangeran Soemedangweg No. 115 Bandoeng. —

SITOE GAROENGGANG

INDIHIANG —:— TASIKMALAJA.

Hatoer oeninga, wireh engke dinten Minggoe 7 Juni 1931 (20 Moeharam 1350), sitoe anoe kasebat di loehoer bade dimesikeun (ditajoebkeun).

Doepi pangaosna noemoetkeun rakit, sarakitna dietang f 7.50, lebetna 2 djalmi (doea heurap), teu kenging langkoeng ti 2 djalmi, doepi heurapna mah bade njandak sabaraha hidji oge henteu aja wagelanana, noe ageung noe alit, nja eta sajagian bilih bodol (bedah) koe goerame, kantjra enz., tiasa oge hjandak goendal, asal dina lebet rakit tea teu kenging langkoeng ti doea heurap ngaloengkeunana. Koe margi bok bilih seepeun rakit, enggal ti ajeuna ngintoenkeun pamandjer f 1,— sarakitna, dimana waktosna kantoen nambih f 6,50 deui. Ka anoe ngintoenkeun pamandjer ti pajoen di pasihan nomer prijs, sareng ti ping 24 sasih leu keneh disajagikeun roepi roepi karasmenan, ngaben parahoe mareboetkeun bintang mas, dina wengi na masang kembang api.

Hoermatna noe ngadjeng-ngadjeng
HADJI DJOEHAENI
EIGENAAR.

522

KETOE OEDENG

HALIM

WEST PASAR STRAAT 16
— BANDOENG —

Ketoe oedeng Pasoendan, roepi-roepi model md. A., md. D., md. A. Osvia md. D. Osvia tina roepi-roepi batikan. Ngawitan ti Pangaos f 1,75, f 2,— f 2,50, f 3,— f 3,50 enz.

Ketoe oedeng model wiron Pasoendan (Soenda Kadjawan) anoe nganggo endol alit ipis sareng anoe henteu, batikna oge roepi-roepi pangaos idem Ketoe oedeng wiron kadjawan, nganggo wiroe 18 lapis sareng nganggo kepet (tjetjepet) batikan roepi-roepi pangaos idem anoe nganggo endol sareng henteu.

Kopejah bloedroe hideung sareng boereum, nja kitoe deui modelna, model Medan (ipis sareng teuleus) raos dianggona pangaos f 1,50 eukoeran roepi-roepi. Kopejah Padang soetra anoe saena, f 1,— anoe boelak-balik f 1,50. Sindjang poleng Bandjaran anoe saena f 2,75 poleng Cheribon f 4,50. Poleng Soetra ditanggel klat f 5,—. Poleng Soetra anoe pangsaena kaloearan Soemedang f 10,— palekat tjap kore: No. 1 f 3,25.

Sadajana pangaos teu atjan kaetang ongkos ngintoen. 1-5

SASTRO & SOEDARDI

BOUWAANEMMERS

Tjiamisweg No. 58 —:— Tasikmalaja.

Nampi padamelan borongan tina roepi-roepi adegan di loear sareng di lebet kota, sapertos ngadamel boemi-boemi gedong, toko-toko sareng djabi ti eta, modelna noemoetkeun model kajeunakeun koemaha kapalsj bae.

Midamel gambarna noe biasa dianggo ka Rooiwezen, compleet sareng begrootingna, nja eta soepados ngagampilkeun kasadaja para djoeragan.

Tiasa badanten ti awalna, saroemping koe andjeun atanapi koe serat. Ongkosna ditanggel langkoeng mirah sareng padamelanana ditanggel matak ngabingahkeun.

Samemehna soemping ka noe sanes tiasa soemping heula ka adres di loehoer.

Kangge bawahan Kaboepaten Tjiamis tiasa badanten sareng —— Djoeragan SOETARA Hospitaalweg Tjiamis. ——

Hormatna
Noe ngadjeng-ngadjeng.

512

OSRAM GLOEILAMPEN

Jang soedah terkenal kakoetannja lebih terang menjalanja dari laen-laen lampoe boeat listrict. Djoega disediaken boeat merief D. jang pake tjentilan diatasnja.

Bisa dapet di

TOKO TRIO

Goenoeng Sabeulah 27 - Tasikmalaja

GRAMOPHOON & PLATENHANDEL

„DE HARP"

Singaparnaweg 45 — Tasikmalaja.

Salamina njajagikeun roepi-roepi parabot kaperloean muziek, anoe ditanggel tiasa njoemponan kana sanes kanten noe dipesen koe para djoeragan.

Roepi roepi plaat gramophoon, sareng dina lagoe-lagoena oge ngabadja njajagian lagoe anoe dina wakjos ieu mah keur meudjeuhna dipikatjinta, sapertos: Sprekende film, Djawa, Soenda, Malajoe, Bobodoran sareng sadjabina ti eta

Soepados tiasa ngaboektikeun teu langkoeng sae mangga ditjarobi bae.

Hoermatna
noe ngadjeng-ngadjeng.

JODOSTICK

Naon ari Jodostick?

Oooh, JODOSTICK hidji landong anoe katjida mandjoerna pikeun roepi-roepi panjawat saperti:
— Raheut, kakadek, dipatjok Oraj. keuna —
— koe seungseureudan sareng sabangsana. —
Nganggona katjida gampilna, eta raheut atawa noe oeroet diseureud tea, asal disoesoet koe JODOSTICK tangtos peurahna moal tiasa njaliara harita keneh
——— tiasa sae deui ———

Pangaos hidji fles moeng f 2.—

Tiasa kenging ti:

CHEMICALIEN HANDEL
V.H. TOKO NIC. MULLER
Goenoeng Ladoe 15 —o— Telefoon 26
TASIKMALAJA.

Enggal ngalanggan dagblad
SIPATAHOENAN

NEMBE DIBOEKA

Kangge ngagampilkeun kana saniskanten kaperloean langganan sareng tiasa enggal njoemponan sadaja pesenan, ngahadja ngawitan ti 1 April 1931, TEGELFABRIEK „NAJA" Tasikmalaja, ngajakeun filiaal di Soebang, tempatna di Soekamenak. Ngadamelan roepi² tegel, beton rooster (angin²) beton & buis (koeloewoeng), padamelanana ditanggel & ngabingahkeun toer pangaosna tiasa dibandingkeun.

Noe ngadjeng-ngadjeng.

Tegelfabriek „NAJA"
TASIKMALAJA — SOEBANG

Parantos njobian?
Oepami teu atjan, kedah enggal soemping ka:

Snelpers Drukkerij Galoenggoeng
Passarstraat No. 34 — TASIKMALAJA — Telefoon No. 51

Nampi roepi-roepi tjitakan, padamelan ditanggel enggal sareng rapih, oge sajagi roepi-roepi kaperloean kantoor sapertos: boekoe-boekoe, potlood, vulpens, mangsi sareng seueur-seueur deui, pangaos ditanggel — — mirah sareng ngabingahkeun. — —

„DE GOUDEN STER"

Ada namanja kita poenja merk limonade dan aerblanda jang soedah tjoekoep terkenal diantara toean-toean langganan, teroetama ia poenja kwaliteit jang selaloe didjaga, dan ditilik oleh Gezondheid Dienst. Djangan sangsi tiarilah selamanja itoe merk
——— Temtoe menjenangken. ———

Memoedjikan dengan hormat

Mineraalwater Fabriek „DE GOUDEN STER"
Tasikmalaja -- Telefoon No. 114.

BANDOENGSCHE
Chemische Wasscherij & Ververij
Stationsweg No. 30 TASIKMALAJA Naast GEBEO.

„Timana andjeun ngongkonkeun njeuseuh (njelep) sakieu saena?"

Adres noe kasebat diloehoer pa rantos kamashoer kasaeanana kangge njoemponan njeuseuh roepi-roepi panganggo, sapertos: linnen, gabardine, palmbeach, alpacca, satin, kamgaar, tricot, toedoeng sareng sadjabina ti eta. Oge nampi kongkonan njelep panganggo, sapertos noe parantos boeroek tiasa weuteuh deui (dryeing work).

Padamelan ditanggel ngabingahkeun, pangaos direken pantesna.
Mangga ngadamet pertjoblan!

Padjengkeun Dagblad „SIPATAHOENAN" koe djalan mangmilarikeun Abonne's noe saratia

IMPLIK-IMPLIK

TJARIOS

? ? ?

Dikarang koe

Nanie

BANDOENG

(Special keur „Sip")

No. 30

Hidji poé pasosore manehna djalan djalan, sedjana ngabangbrangkeun kasoengkan bari sakalian ngadjagdjagkeun awak.

Atina ngerik ari ras kana ka dar dirina, kadoehoeng koe lakce lampahna noe geus kaliwat . . .

Koswara, raina Neng Emi keur oelin ngaloeng ngaloengkeun bal leutik di boeroean deukeut lawang siga noe boengaheun pisan. Neng Emi tjalik di tepas bari koesoewal koesiwel ngarenda.

Reg Fatah ngarandeg.

Koswara eureun bal balanana barang ngareret ka Fatah keur mentjrong ka manehna mani teu ngitjeup ngitjeup.

„Ka dieu tjep," Fatah ngagoe pajan ka Koswara.

„Bade naon?" Tembal Koswara bari ngalirik ka Neng Emi.

„Coswara! Ka dieu! Neng Emi ngagentraan raina.

Fatah geus njelenteng rek mangkoe Koswara, tapi teu ka boeroe lantaran loempat manten njampeurkeun ka raina.

Fatah noetoerkeun pandeuri. Manehna nangtoeng deukeut golodog bari mentjrong ka Neng Emi, mata nimeuteun.

„Bade ngersakeun naon?" Tjeuk Neng Emi bari nosnda padamelanana.

„Doepi iboe sareng mama parantos soemping?"

„Teu atjan", wangsoel Neng Emi.

Fatah dioek dina samak di gedengeun Neng Emi kawas noe geus katjida tjonggahna. Neng Emi ised isedan tjalikna ngeser ka deukeut tihang, bari sasaoeran: „Di ditoe bae atoeh linggihna di loehoer dina korsi".

„Sawios", tembal Fatah dioek na ngised ngadeukeutan ka Neng Emi, bari neuteup mani teu ngi tjeup ngitjeup.

„Aja pikersaeun naon djoeragan teh?" Tjek Neng Emi.

„Terang ka engkang?" Tjeuk Fatah.

„Sanes djoeragan teh anoe mangkoekna kadieu sareng djoeragan Karnaen?"

„Soemoehoen," tembal Fatah, „tapi manawi emoet kapengker parantos pendak sareng engkang atanapi teu atjan?"

„Teu atjan." Tembal Neng Emi.

„Doepi awit Eneng teh ti mana?"

„Abdi mah bibit boelt ti dieu bae ti Bandoeng".

„Watoen disoempah?"

„Moegi djoeragan emoet, abdi sanes sakitan. Oepami djoeragan pertjanten bae kana tjariosan abdi noehoen, henteu bae teu sawios"

„Neem me niet kwallijk Neng" tjek Fatah.

„Langkoeng sae Soenda bae, djalaran abdi mah teu tiasa basa Walanda". Tembal Neng Emi.

„Engkang terang, Eneng iasa njarios basa Walanda."

„Nampeng koe emoetan teu kedah dianggo koemagoengan, ieu sing pinter basa Walanda."

„Noehoen Neng noehoen eta tjariosan anoe sakitoe matak oeu reusna, karaosna koe engkang mah sawangsoelna. Dosa engkang karaosna asa rata ngoerangan. Tjariosan Eneng bieu djadi hidji tjitjiren ka engkang, jen Eneng teh terang sareng parantos tjonggah ka engkang."

„Kalintang hemengna," tembal Neng Emi; „koe margi raraosan mah asa teu atjan tepang sareng djoeragan teh kadjabi ti kamari mah."

„Entong api-api . . . . Roekmini!" Fatah dioekna ngised deui ngadeukeutan ka Neng Emi, . . . „sanadjan roepa Roekmini lain roepa noe bareto, sanadjan kapinteran Roekmini lain kapinteran noe bareto, sanadjan Roekmini geus djadi Emi, tapi pikeun engkang anoe geus lawas hiroep koemboeh djeung Roekmini, henteu poho teu kalinglap. Emi teh nja eta Roekmini pamadjikan engkang anoe satia anoe koe engkang geus ditandasa tanpa dosa. Kadoehoeng djeung kanjeri engkang dina waktoe-waktoe ieu, goenoeng Boerangrang gede, gede keneh kakadoehoeng, djeung dosa engkang ka Roekmini. Dosa engkang noe manggoenoeng goenoeng tea moal leungit saoemoer hiroep, lamoen teu dioebaran koe oetjapan Emi ngahampoera dosa engkang.

„Kanjeri ati Roekmini waktoe dioesir koe engkang baheula lamoen dibandingkeun djeung kanjeri engkang ajeuna, masih keneh gede kanjeri djeung kaka doehoeng engkang. Engkang nga rasa djadi hidji lalaki anoe teu ngahargaan ka pihak awewe, eng kang hidji lalaki noe teu bisa na han napsoe, engkang hidji lalaki anoe teu boga rasa kabang saan, engkang hidji lalaki noe boga rasa teu sabangsa djeung bangsa sorangan, engkang hidji lalaki anoe nganggap rendah mar tabatna ka bangsa sorangan noe barodo baliloe, engkang hidji lalaki noe bodo tapi ngakoekeun (ngarasa) pinter! Eta kabeh ra rasaan ajeuna karasa salahna ajeuna karasa kagorenganana ne pi ka ngadjadikeun kakadoehoeng anoe pohara gedena.

Teraskeuneun.

Boekoe

Soengkeman Geloeng

kenging Narajana
à F 0.30—
Adm. Sipatahoenan.